

29 Oktòb 2021

**ADRÈS PWOPRIYETE AN**

**MINISIPALITE      BLÒK      TEREN**

Chè Pwopriyetè Byen,

Rejis nou yo montre ou dwe taks sou byen ak/oswa lòt frè ki gen pou wè ak byen yo site pi wo an.

**Tanpri peye taks ak frè ou dwe yo:**

- Anliy: [nyc.gov/citypay](http://nyc.gov/citypay)
- Pa Lapòs: Fè chèk ou oswa peye lajan an nan non Depatman Finans NYC an. Nan liy memo an, ekri katye an, blòk la, ak nimewo teren an (BBL), ki ekri nan koupon ki pi ba an.
- An Pèsòn: Ale nan yon sant komèsyal Depatman Finans lan. Biwo yo ak lè fonksyonman yo disponib nan [nyc.gov/visitdof](http://nyc.gov/visitdof) oswa lè w rele 311.

**Akò sou Pèman**

Depatman Finans la ofri plizyè opsyon akò pèman pou pwopriyetè kay ki kalifye yo, tankou pwogram Difere pou Taks ak Enterè sou Pwopriyete an (Property Tax and Interest Deferral, PT AID), ki kapab ede pwopriyetè kay ki gen youn rive twa fanmi yo ak lojman pwopriyete pataje ki te gen aryere nan pèman taks sou byen yo. Pou antre nan yon akò pèman, tanpri ale nan yon sant komèsyal Depatman Finans lan.

**Sibvansyon sou Taks pou Pwopriyetè Kay yo (ale nan paj 3)**

Si pwopriyete w la se yon kay pou youn rive twa fanmi oswa yon lojman pwopriyete pataje rezidansyèl, ou kapab kalifye pou yon eksepsyon sou taks sou byen ki kapab redui fakti taks sou byen w lan. Pou plis enfòmasyon sou eksepsyon sou taks pou byen yo, ale sou [gov/ownerexemption](http://gov/ownerexemption) oswa rele 311.



Tanpri detache koupon sa epi mete l nan pèman w lan.

**Kantite total lajan ou dwe an:**

**Kantite lajan w peye an:** \$

**Minisipalite, Blòk, ak Teren:**

**Voye pèman an bay:**

NYC Department of Finance  
P.O. Box 680  
Newark, NJ 07101-0680

## Kesyon ak Repons konsènan Avi sa

### **Kisa k ap rive si mwen pa reponn ak avi sa lè mwen peye taks sou byen mwen yo oswa lòt frè ki gen pou wè ak byen mwen yo?**

Si ou pa peye taks sou byen w yo, sèvis dlo/egou, oswa lòt frè yo, ansanm ak nanpòt lòt enterè ki akimile, byen w lan kapab vin kalifye pou vant privilèj yo nan yon lòt dat. Nan vant privilèj la, yo ap vann dèt ou yo bay yon achte endepandan ki pral chèche pran li atravè ou menm.

### **Kijan mwen pral fè konnen si byen m lan vin yon kandida pou vant privilèj la?**

Nou pral voye yon avi ba ou ak nenpòt pati ki anrejistre omwen 90, 60, 30, ak 10 jou anvan vant lan. Yo p ap mete byen w lan nan yon lavant privilèj sof si DOF voye avi sa anvan vant privilèj la.

### **Ki kategori dèt ki kapab vann nan yon vant privilèj?**

Taks sou byen, frè sèvis dlo ak egou, ki genyen ladan yo frè siplemantè yo; lòt frè ak depans ki gen pou wè ak byen yo, tankou sa ki la pou Pwogram Reparasyon Ijans ak Pwogram Ranfòsman Altènatif la; ak enterè ki akimile yo.

### **Ki frè adisyonèl ki pral genyen si dèt mwen an vann nan vant privilèj la?**

Mete sou dèt ou genyen ki poko peye an, kantite lajan ou dwe an pral ogmante paske nouvo detantè privilèj la kapab fè w peye: yon frè siplemantè 5% sou tout kantite privilèj la; enterè, ki akimile chak jou epi ki dwe peye chak sis mwa; ak depans administratif ki asosye ak vant privilèj la, tankou yon estimasyon \$300 pou kouvri depans nenpòt piblisite ak avi. Nouvo detantè privilèj la pral ba w yon lis detaye taks, enterè, frè siplemantè, ak depans yo. Pi bon bagay ou kapab fè pou evite frè sa yo se kenbe byen w lan andeyò vant privilèj la pandan w ap peye dèt ou genyen ki poko peye an.

### **Kisa ki rive aprè yo fin vann yon privilèj?**

Nan yon espas 90 jou, Meri an pral fè w konnen nan yon mesaj imèl nan ki tèm ak kondisyon yo te vann privilèj la, ansanm ak dwa pou peye privilèj yo nan yon peryòd tan ki espesifik, non ak adrès moun ki ap achte privilèj fiskal yo, ak non reprezantan otorize nouvo detantè privilèj la ou ta dwe kontakte an. Reprezantan an pral kontakte w tou atravè yon imèl konsènan modalite pèman yo.

### **Èske nouvo detantè privilèj la kapab vann byen mwen an?**

Wi, nouvo detantè privilèj la kapab kòmanse pwosedi sezi kay la ki kapab mennen nan lavant byen w lan si ou pa peye kantite lajan ki dwe an nan tan yo ba w la. Pou evite yo sezi byen w lan, ou dwe (a) peye tout kantite privilèj la, ansanm ak frè siplemantè an, depans administratif yo, ak enterè ki akimile yo, nan yon espas yon lane aprè dat vant privilèj fiskal la; oswa (b) antre nan yon akò sou pèman ak detantè privilèj la.

### **Poukisa mwen ap resevwa avi sa si mwen gentan antre nan yon akò sou pèman?**

Si ou resevwa yon avi pou yon ansyen vant privilèj epi te siyen yon akò sou pèman, ou ap resevwa avi sa paske akò an pa ajou (pèman ki obligatwa yo pa t fèt pandan sis mwa). Si ou pa mete akò sou pèman w lan ajou, byen w lan kapab vin kalifye pou vant privilèj la.

### **Ki kote mwen kapab jwenn enfòmasyon sou pwosesis vant privilèj la?**

Ale sou [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale), rele 311, oswa voye yon mesaj imèl bay [taxlien@finance.nyc.gov](mailto:taxlien@finance.nyc.gov). Ou kapab rele konseye nan kad vant privilèj pou Depatman Finans lan nan (212) 440-5408. Moun ki granmoun yo kapab rele konseye ki responsab sitwayen ki granmoun yo nan (212) 440-5407. Pou kesyon konsènan frè Pwogram Reparasyon Ijans lan ak Pwogram Ranfòsman Altènatif yo, kontakte Inite Lavant Privilèj ki nan Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation & Development, HPD) an nan (212) 863-6020 oswa voye yon imèl nan [hpderp@hpd.nyc.gov](mailto:hpderp@hpd.nyc.gov).

Pou kesyon konsènan frè sèvis dlo ak egou yo, kontakte Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Protection, DEP) nan (718) 595-6628 oswa nan [ombuds@dep.nyc.gov](mailto:ombuds@dep.nyc.gov).

Pou jwenn enfòmasyon sou konsèy finansyèl gratis ak lòt sèvis nan Office of Financial Empowerment nan Depatman Dosye Konsomatè NYC, ale sou [nyc.gov/talkmoney](http://nyc.gov/talkmoney) oswa rele 311.

<b>Sibvansyon ak Kredi ki kapab pèmèt Byen w lan pa antre nan Vant Privilèj la</b>	
<b>Sibvansyon/Kredi</b>	<b>Elijiblite</b>
<b>Sibvansyon pou Mèt Kay ki Aje yo (Senior Citizen Homeowners' Exemption, SCHE)</b>	Pou moun ki aje (65 lane oswa plis) yo ki gen revni anyèl \$58,399 oswa mwens. Pou aplike, ale sou <a href="http://nyc.gov/sche">nyc.gov/sche</a> .
<b>Sibvansyon pou Mèt Kay ki Andikape yo (Disabled Homeowners' Exemption, DHE)</b>	Pou mèt kay ki gen andikap yo ki gen revni anyèl \$58,399 oswa mwens. Pou aplike, ale sou <a href="http://nyc.gov/sche">nyc.gov/sche</a> .
<b>Sibvansyon pou Veteran yo</b>	Tout sibvansyon pou benefisyè yo ki nan kategori "konba" oswa "andikap" yo pa antre nan kad vant privilèj yo. Si ou genyen yon sibvansyon pou "Eligible Funds" oswa pou "Old Law", yo p ap vann privilèj ou an sèlman si ou te achte byen imobilye an ak pèman ou resevwa antanke konpansasyon prizonye lagè nan men Gouvènman Federal an Pou plis enfòmasyon, ale sou <a href="http://nyc.gov/PreK">nyc.gov/PreK</a> .
<b>Enfòmasyon sou "Koup Siki" Eta New York yo</b>	Pou pwopriyetè kay eta New York yo ki gen revni anyèl ajiste ki egal ak oswa mwens pase \$18,000 yo. Pou aplike, ranpli epi soumèt NYS Form IT-214 la "Reklamasyon pou Kredi Taks sou Byen)

<b>Lòt sibvansyon pou taks sou byen</b>	
<b>Sibvansyon</b>	<b>Kalifikasyon</b>
<b>Basic Star (soulajman taks eskolè)</b>	Pou tout pwopriyetè kay yo, "co-ops" yo, ak lojman pwopriyete pataje yo ki gen revni anyèl ajiste ki egal ak \$500,000 oswa mwens yo, si omwen yon pwopriyetè itilize pwopriyete an antanke rezidans prensipal li. Pa gen kondisyon sou laj.
<b>Enhanced STAR</b>	Pou moun ki aje (65 lane oswa plis) yo ki gen revni anyèl ajiste ki egal ak \$92,000 oswa mwens yo. Pou aplike nan Basic oswa Enhanced STAR, ale sou <a href="http://nyc.gov/star">nyc.gov/star</a> .
<b>Sibvansyon pou Veteran yo (Enfòmasyon jeneral)</b>	Pou veteran Lame Amerikèn yo ki te sèvi pandwa peryòd konfli deziye yo; konjwen, madanm oswa mari veteran ki kalifye yo; ak paran Gold Star yo. Pou aplike, ale sou <a href="http://nyc.gov/ownerexemption">nyc.gov/ownerexemption</a> .
<b>Li pa la pou Pwofi</b>	Yon gran kantite òganizasyon san pwofi kapab kalifye pou yon sibvansyon konplè oswa pasyèl. Ale nan <a href="http://nyc.gov/nfp">nyc.gov/nfp</a> pou plis enfòmasyon.

Pèsonèl lame ki aktif yo kapab fè demann pou yon eksklizyon nan kad vant privilèj la pandan yo ap ranpli yon fòm deklarasyon sou sèman ki disponib nan [nyc.gov/liensale](http://nyc.gov/liensale).